# Gid pou resous kominotè nan Northborough

## Nou konekte rezidan yo avèk resous pou fè pwomosyon sante ak byennèt

Itilize aplikasyon kamera ki sou esmatfòn ou an pou eskàne kòd QR la pou w vizite vèsyon sou entènèt gid pou resous entènèt sa a, oswa vizite www.northboroughlibrary.org.

Nou te kreye gid sa a pou konekte rezidan Northborough ak resous nan kesyon sante ak byennèt. Antre nan gid sa a gen ladan l depatman minisipal, òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, ak biznis ki ap ofri rezidan Northborough yo sèvis, ansanm ak resous rejyonal, resous nan eta a ak resous nasyonal.

Se gwoup travay Be Well Northborough ki te devlope vèsyon orijinal gid sa a, se yon inisyativ kolaborasyon nan kesyon sante ak byennèt ki te gen pou objektif ede kominote nou an rekanpe apre pandemi COVID-19 la. Bibliyotèk la responsab pou li konsève epi fè mizajou nan vèsyon sou entènèt la, ak pou enprime yo ankò. Nou te fè mizajou nan vèsyon sa a nan lane 2023. Pou sijesyon oswa koreksyon, voye yon imèl nan noboadults@cwmars.org.

SA KI NAN DOKIMAN SA A

Rejis telefòn pou Depatman Minisipal nan Northborough

Lekòl Piblik Northborough

Resous pou Kriz ak Sante Mantal

Resous Sante Mantal

Resous pou Gerizon

LGBTQ+

Bagay pou w fè

Resous Pou Demans

EEC Licensed Childcare & After School Programs (Pwogram Gadri ak Pwogram Aprè Lekòl EEC Rekonèt)

Èd Finansyè

Resous Alimantè

Èd Jeneral

Èd Jiridik

Èd pou Lojman

Resous Sante

Atak Seksyèl epi/oswa Vyolans Domestik

Espas pou Adorasyon

Evènman ki fèt chak ane nan Northborough

Rete enfòme

Resous Anplis

## Rejis telefòn pou Depatman Minisipal nan Northborough

Kontablite
508-393-5003

Administrasyon
508-393-5040

Kontwòl Bèt
508-393-1515

Evalyatè
508-393-5005

Komite Sante
508-393-5009

Depatman Konstriksyon
508-393-5010

Estidyo pou Aksè ak Kab
508-393-6195

Depatman Travay Piblik
508-393-5040 Ekstansyon 6

Jeni
508-393-5015

Sèvis pou Fanmi ak Jèn
508-393-5020

Depatman Ponpye
508-393-1537

Bibliyotèk
508-393-5025

MIS/GIS
508-393-1525

Northborough Ext. Day Program (NEDP, Inc) (Pwogram Ki Pwolonje Pandan Lajounen nan Northborough)
508-393-7020

Planifikasyon ak Konsèvasyon
508-393-5019

Depatman Lapolis
508-393-1515

Depatman Lwazi
508-393-5034

Sant pou Moun Aje
508-393-5035

Sekretè Vil la
508-393-5001

Trezorye epi/oswa Moun k ap kolekte enpo
508-393-5045

Ajan pou Veteran
774-293-2208

Pou w kapab enskri nan Sistèm Notifikasyon Ijans CodeRED la, epi pou resevwa nouvèl ak evènman sou vil la, oswa pou w resevwa lis konplè depatman, konsèy ak komite minisipal yo, tanpri ale sou town.northborough.ma.us.

# Lekòl Piblik Northborough

Lekòl piblik Northborough ak Southborough konpoze ak dis lekòl, twa (3) distri ak yon (1) kominote moun k ap aprann. Si w fenk vini nan vil la epi ou bezwen enskri timoun ou an, oswa ou bezwen jwenn enfòmasyon sou trajè bis, orè lekòl, kalandriye eskolè, ak lòt enfòmasyon enpòtan, tanpri vizite sit entènèt nou an.
508-486-5115
Nsboro.k12.ma.us
53 Parkerville Rd. Southborough

## Repètwa Lekòl Northborough

Lekòl Segondè Rejyonal Algonquin
508-351-7010
79 Bartlett St.

Lekòl Entèmedyè Robert E. Melican
508-351-7020
145 Lincoln St.

Lekòl Elemantè Fannie E. Proctor
508-351-7040
26 Jefferson Rd.

Lekòl Elemantè Lincoln St.
508-351-7030
76 Lincoln St.

Lekòl Elemantè Marguerite E. Peaslee
508-351-7035
31 Maple St.

Lekòl Elemantè Marion E. Zeh
508-351-7048
33 Howard St.

## "Sante Mantal afekte moun tout laj. 1 elèv sou 5 nan lekòl entèmedyè fè eksperyans ak sentòm depresif."

Sous: Sondaj sou Sante nan Adolesans pou Metrowest. 2021.
https://mwhealth.org/knowledge-center/foundation-publications

# Resous pou Kriz ak Sante Mantal

## Liy Dirèk pou Kriz

**Liy Dirèk pou Suisid ak Kriz 988**
Liy Nasyonal pou Prevansyon Suisid se yon rezo sant kriz lokal ki disponib 24 sou 24 ak 7 jou sou 7 pou ofri sipò gratis ak konfidansyèl pou moun ki nan yon sitiyasyon kriz atravè Etazini.
Rele oswa tèks nan 988
988lifeline.org/chat

**Defansè pou Entèvansyon Nan Moman Kriz**
Si w ap viv yon moman kriz nan sante mantal ou oswa yon moman kriz emosyèl, tanpri rele pou pale ak yon defansè klinisyen kriz la ki disponib 24 sou 24 ak 7 jou 7.
1-800-640-5432
advocates.org

**Liy Asistans Telefonik Nasyonal pou Vyolans Domestik**
Li bay zouti ak sipò pou ede sivivan vyolans domestik yo viv lavi yo san pa gen abi. Gen defansè ki kalifye anpil epi ki se ekspè nan domèn nan ki ofri sipò gratis, konfidansyèl epi ki gen konpasyon. Epitou, yo bay enfòmasyon sou entèvansyon kriz, edikasyon ak sèvis referans nan plis pase 200 lang.
Fè 1-800-799-SAFE (7233) oswa voye "START" nan 88788
thehotline.org

**Liy Nasyonal Sekirite pou Moun ki nan Mawon**
Liy Nasyonal Sekirite pou Moun ki nan Mawon se yon sèvis ki disponib 24 sou 24 ak 7 jou sou 7 pou ede jèn ki nan mawon, sa ki ap panse pou yo ale nan mawon, oswa ki te nan mawon deja men ki retounen lakay yo. Epitou, li la pou paran ak gadyen yo ki gen enkyetid pou timoun yo an pa ale nan mawon oswa timoun yo an kite kay la deja. Nou ap jwenn tchat sou entènèt ki disponib.
1-800-RUNAWAY (1-800-786-2929) 1800runaway.org

**Liy Dirèk pou Kriz SafeLink**
Safelink se yon liy dirèk gratis ki la pou goumen kont vyolans domestik nan tout eta a. Benevòl ki nan SafeLink yo pale anglè ak espanyòl, epi Safelink gen sèvis ki kapab ofri tradiksyon nan plis pase 130 lang tou.
1-877-785-2020
casamyrna.org/chat

**Sèvis Èd nan Telefòn Samaritans Statewide**
Sèvis Èd nan Telefòn Samaritans Statewide disponib pou tout moun nan Massachusetts ki bezwen sipò emosyonèl. Nenpòt moun kapab rele oswa voye yon mesaj tèks pou resevwa èd nan men benefòl ki pran fòmasyon espesyal pou sa.
Rele oswa yon mesaj tèks nan 1-877-870-4673

**Vwa Kont Vyolans SMOC**

Pale avèk yon defansè ki soti nan South Middlesex Opportunity Council (SMOC) (Konsèy Opòtinite ki nan Sid Middlesex) ki disponib 24 sou 24. Menm si ou ap sove pou yon sitiyasyon vyolan, oswa ou sèlman gen yon kesyon, toujou gen yon moun ki disponib pou pale.
1-877-832-0890

**The Trevor Project (Pwojè Trevor)**
Projè Trevor se yon liy asistans telefonik pou entèvansyon nan moman kriz ak prevansyon suisid pou jèn LGBTQ. Gen yon fonksyon tchat sou entènèt ki disponib sou sit entènèt Pwojè Trevor a.
Rele nan 1-866-488-7386 oswa voye yon mesaj tèks "START" nan 678-678
thetrevorproject.org/get-help

**Liy Kriz pou Ansyen Sòlda**
Gen sipò konfidansyèl nan moman kriz ki disponib gratis pou veteran ak moun ki pwòch yo 24 sou 24 ak 7 jou 7. Ou pa bezwen enskri nan avantaj oswa pou swen sante VA pou konekte. Gen yon fonksyon tchat sou entènèt ki disponib.
rele nan 988 apresa peze 1 oswa voye yon mesaj tèks nan 838255 veteranscrisisline.net

## Siyale Abi

Abi ak neglijans sou timoun
Si ou konnen oswa ou sispèk gen yon timoun y ap abize oswa neglije, tanpri siyale l tousuit. Nenpòt moun kapab depoze yon plent pou abi oswa neglijans.
617-232-4882
mass.gov/child-abuse-and-neglect

Disabled Persons Protection Commission (DPPC) (Komisyon pou Pwoteksyon Moun ki gen Andikap)
Disabled Persons Protection Commission (DPPC) (Komisyon pou Pwoteksyon Moun ki gen Andikap) ap jere yon liy dirèk ki ap fonksyone 24 sou 24 kote sitwayen ki nan Commonwealth yo kapab siyale ensidan kote yo sispèk abi sou adilt ki gen andikap.
1-800-426-9009

Abi sou moun ki aje epi/oswa moun ki aje ki gen risk
Siyale nenpòt abi fizik, seksyèl ak emosyonèl, moun ki ap bay swen ki pote neglijans, eksplwatasyon finansyè ak moun ki aje k ap neglije pwòp tèt yo. Ou kapab siyale l atravè yon apèl telefòn oswa sou entènèt.
800-922-2275

# Resous Sante Mantal

**Liy Dirèk pou Suisid ak Kriz 988**
Liy Nasyonal pou Prevansyon Suisid se yon rezo sant kriz lokal ki disponib 24 sou 24 ak 7 jou sou 7 pou ofri sipò gratis ak konfidansyèl pou moun ki nan yon sitiyasyon kriz atravè Etazini.

Rele oswa tèks nan 988
988lifeline.org/chat

**Sèvis Mesaj nan ka Kriz**
Li ofri bon jan kalite sèvis gratis epi ki disponib 24 sou 24 ak 7 jou sou 7 pou moun ki bezwen sipò pou sante mantal ak entèvansyon nan ka kriz. Li fè sa pandan l ap bay yon kominote benevòl ki fòme mwayen pou yo soutni moun yo nan moman yo gen bezwen yo.
Voye tèks "HOME" bay 741741
crisistextline.org

**Sèvis Referans Entèfas**
Yon sèvis oryantasyon nan kesyon sante mantal ak byennèt vil Northborough bay kontra pou rezidan yo. Li pèmèt yo mete moun ki rele yo an kontak avèk yon pwofesyonèl nan sante mantal ki rekoni epi ki koresponn ak kote yo rete a, asirans ak bezwen espesyal yo.
888-244-6843
interface.williamjames.edu

**Patenarya pou Sèvis Sante Konpòtmantal nan MA**
Li disponib 24 sou 24 ak 7 jou sou 7 si ou menm oswa yon manm fanmi ap viv yon kriz kote yo gen pwoblèm sante mantal oswa sou konsomasyon sibstans.
Rele oswa voye yon mesaj tèks nan 1-833-773-2445 masshelpline.com

**Mental Health America (Sante Mantal nan Amerik)**
Yo bay enfòmasyon sou siy ak sentòm pwoblèm sante mantal, tankou pwoblèm sante mantal kay moun ki jèn ak minorite yo.
1-800-969-6642
mhanational.org/mentalhealthinfo

**Multi-Service Eating Disorders Association (MEDA) (Asosyasyon ki Bay Plizyè Sèvis sou Twoub Alimantasyon)**
Nou bay fòmasyon sou twoub alimantasyon ak koz pa anba ki lakòz li pou nou kapab devlope yon kominote ki gen konpasyon, epi ki ankouraje moun gen espwa ak sipò pou gerizon.
888-350-4049
medainc.org

**National Alliance on Mental Illness (NAMI) Compass (Alyans Nasyonal pou Maladi Mantal)**
Li bay moun resous ak sipò pou ede yo navige atravè sistèm sante mantal konplèks la, epi rezoud pwoblèm nan sikonstans difisil. Sèvis èd nan telefòn nan disponib lendi pou rive Vandredi, 9è nan maten pou rive 5è nan aprèmidi.
617-704-6264 oswa 1-800-310-9085
namimass.org

**Sèvis pou Fanmi ak Jèn nan Northborough**
Li ede avèk resous pou sante mantal ak oryantasyon. Li ap evalye sitiyasyon w epi li ap gide nan resous ki apwopriye yo.
508-393-5020

town.northborough.ma.us/family youth-services

**Sèvis Kominotè Open Sky**
Li ofri yon aksè ijan epi ki fèt menm moman nan yon sèl kote pou sèvis yo. Ou p ap bezwen referans, epi moun ki pa asire yo p ap peye pou sa. Li sèvi adilt, jèn ak timoun nan zòn nan ki bezwen sipò pou sante mantal.

**Say Something Tipline (Liy Telefòn "Di yon Bagay")**
Se yon sistèm pou siyale ki anonim epi ki pèmèt moun soumèt enkyetid yo yon fason anonim ki sekirize. Nan lide pou ede yon moun ki ka blese tèt li oswa yon lòt moun.

**Terapi Matcher (Korespondans pou Terapi)**
Li ofri referans gratis, pèsonalize ak konfidansyèl pou travayè sosyal klinik ki rekoni atravè Massachusetts.

**Walden Behavioral Care (Swen Konpòtmantal Walden)**
Li ap travay pou ofri moun k ap viv avèk twoub alimantè yo ak lòt pwoblèm sante mantal swen ak sipò yo bezwen, nan tout nivo, epi ki sou chimen gerizon.

## Resous Sante Mantal pou Paran, Responsab Legal ak Fanmi yo

**Bridge Over Troubled Water (Yon pon sou dlo ki boulvèse)**
Bridge ofri divès kalite sèvis ki fèt pou ede jèn moun ki sanzabri, ki gen gwo risk, epi ki nan mawon, pou ede yo atenn laj adilt pandan yo an sante ak pwodiktif atravè prevansyon, entèvansyon, swen sante, ak sèvis edikasyon.

**Mental Health America (Sante Mantal nan Amerik)**
Li fè pwomosyon sante mantal ak byennèt pou tout moun k ap viv Etazini atravè edikasyon piblik, rechèch, defans ak politik piblik, ak sèvis dirèk.

**Liy Èd pou Estrès Parantal disponib 24 sou 24 ak 7 jou sou 7**
Sèvis èd nan telefòn konfidansyèl avèk benevòl konseye ki fòme, epi ki pare pou pale avèk paran ki bezwen pale sou pwoblèm ki gen rapò ak timoun yo.

**Parents without Partners (Paran ki pa gen yon Patnè)**
Li ofri paran ki selibatè ak timoun yo opòtinite pou amelyore devlopman pèsonèl yo, konfyans nan tèt yo, ak sansiblite pa rapò ak lòt moun pandan l ap ofri yo yon anviwònman pou sipò, zanmitay ak echanj sou teknik parantal.

**Substance Abuse and Mental Health Services Administration (SAMHSA) (Administrasyon Sèvis pou Abi Sibstans ak pou Sante Mantal)**
Substance Abuse and Mental Health Services Administration (Administrasyon Sèvis pou Abi Sibstans ak pou Sante Mantal) ofri resous pou fanmi ki ap fè fas ak pwoblèm sante mantal ak abi sibstans.

**The Tears Foundation (Fondasyon "The Tears")**

Li ap chèche avèk konpasyon fason pou diminye chay fanmi ki pèdi yon timoun pandan l ap ofri yo fon pou ede avèk pri antèman an ak sèvis ensinerasyon an. Epitou, li ofri paran yo yon sèvis sipò konplè pou dèy ki fèt sou fòm gwoup sipò ak akonpanyeman ak moun.

ÈD

# Resous pou Gerizon

**Substance Abuse and Mental Health Services Administration (SAMHSA) (Administrasyon Sèvis pou Abi Sibstans ak pou Sante Mantal)**
Sèvis èd nan telefòn federal oryante moun yo nan sèvis lokal pou tretman ak sipò.

**SMART Recovery**
Òganizasyon entènasyonal ki baze sou abstinans, epi ki itilize kit zouti terapi konpòtmantal koyitif. Sit entènèt la gen yon rejis pou reyinyon ki fèt sou entènèt yo.

**Women for Sobriety (Fi ki deside pa konsome sibstans)**
Li gen pou objektif ede fi yo rekipere anba pwoblèm ki gen rapò ak konsomasyon sibstans atravè reyinyon ki fèt sou entènèt.

**Institute for Health and Recovery (IHR) (Enstiti pou Sante ak Gerizon)**
IHR espesyalize nan sèvis k ap inove, fòmasyon ak evalyasyon pou reponn a bezwen inik fanmi, fi ak jèn ki pa byen resevwa sèvis yo. Li pwopoze pwogram tretman ak entèvansyon olistik pou moun ak fanmi ki difisil pou atenn epi ki reprezante yon gwo risk.

**LifeRing Secular Recovery (Rekiperasyon ki pa relijye LifeRing)**
Yon pakou gerizon pou konsomasyon sibstans ki baze sou abstinans, ki pa relijye epi kote w ap fè l poukont ou atravè reyinyon ak rezo sipò.

**Learn to Cope (Aprann Fè Fas)**
Yon gwoup sipò pou paran ak manm fanmi ki ap fè fas avèk yon sitiyasyon kote yon moun ki pwòch gen adiksyon ak opyase oswa lòt dwòg. Reyinyon nan zòn disponib atravè reyinyon vityèl

**Recovery Dharma (Teknik Gerizon Dharma)**
Li itilize pratik ak prensip Boudis pou sipòte moun yo nan gerizon yo. Sit entènèt la gen yon rejis sou meditasyon ak reyinyon k ap fèt sou entènèt yo.

**Spectrum Health Systems, Inc (Sistèm Sante Spectrum, Inc)**
Se yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki ofri yon kontinyite konplè pou tretman adiksyon nan Massachusetts ak pwogram espesyalize pou moun ki enplike ak lajistis.

**National Association of Addiction Treatment Providers (NAATP) (Asosyasyon Nasyonal Pwofesyonèl Swen Sante pou Tretman Moun ki Gen Adiksyon)**

Y ap travay pou amelyore aksè mondyal ak tretman efikas epi ki respekte etik pou moun ki gen adiksyon. Yo fè sa pandan y ap ofri sèvis lidèchip, defans, fòmasyon ak sèvis sipò pou manm yo, yon fason pou garanti disponiblite ak bon jan kalite tretman pou adiksyon.
1-888-574-1008 naatp.org

**National Council on Alcoholism and Drug Dependence (NCADD) (Konsèy Nasyonal sou Depandans Dwòg ak)**
Yon òganizasyon benevòl sou sante ki konsakre l nan goumen kont alkolis, adiksyon ak dwòg . Epitou, sou konsekans ki kapab grav anpil alkòl ak lòt dwòg yo kapab fè sou moun, fanmi ak kominote yo.

**Partnership for a Drug Free America (PDFA) (Patenarya pou yon Amerik ki Pa Gen Dwòg)**
Li ap travay pou transfòme fason nasyon nou an jere pwoblèm adiksyon pandan l ap ede fanmi yo pran responsabilite yo, travay pou avansman swen efikas, fòme politik piblik epi chanje kilti a.

**Gamblers' Anonymous (Jwè Anonim)**
Yon asosyasyon gason ak fi ki pataje eksperyans, fòs ak espwa yo youn ak lòt pou yo kapab rezoud pwoblèm yo gen an komen epi ede lòt moun refè anba pwoblèm jwèt.

**Pwogram Fòmasyon Narcan**
Depatman Sante a ofri yon fòmasyon gratis sou Narcan ak ovèdoz pou rezidan ki ap viv oswa travay nan Northborough. Rele pou pran yon randevou endividyèl.

LGBTQ+

**PFLAG of Greater Boston (PFLAG ki nan Gran Boston)**
Parents, Family, and Friends of Lesbian and Gays (PFLAG) (Paran, Fanmi ak Zanmi Lesbyèn ak Omoseksyèl), ki ap fè pwomosyon sante ak byennèt moun ki omoseksyèl, lesbyèn, biseksyèl, ak transjan ak fanmi epi zanmi yo atravè sèvis sipò, edikasyon ak defans.

**The Trevor Project (Pwojè Trevor)**
Pi gwo òganizasyon mondyal pou prevansyon suisid ak entèvansyon nan ka kriz pou jèn LGBTQ yo. Ofri enfòmasyon ak sipò pou jèn moun LGBTQ 24 sou 24 ak 7 jou sou 7.

**OUT MetroWest**
OUT MetroWest bati kominote kote jèn LGBTQ+ epanouyi atravè pwogram gratis ki la pou konekte jèn LGBTQ+ avèk kamarad ki ap bay sipò ak modèl adilt.

**Safe Home (Kay ki San Danje)**
Se yon pwogram pou omoseksyèl, lesbyèn, biseksyèl, transjan, epi jèn moun ki gen ant 14 ak 23 lane ki ap poze tèt yo kesyon, epi se jèn k ap dirije l, pèsonèl ki se pwofesyonèl, ak sipèvizè adilt benevòl ki ofri sipòte, sipò ak resous nan yon anviwònman ki san danje epi ki ankourajan.

**Gay, Lesbian, & Straight Education Network (GLSEN) (Rezo Edikasyon Ge, Lesbyèn ak Etewo)**
GLSEN se yon òganizasyon nasyonal ki pèmèt lekòl yo san danje pou TOUT elèv, kèlkeswa oryantasyon seksyèl oswa idantite epi/oswa ekspresyon seksyèl yo. Y ap travay pou edike pwofesè, elèv ak piblik la an jeneral sou efè domaj fòs sa yo genyen sou jèn ak adilt yo.

**SAGE Advocacy & Services for LGBTQ+ Elders (Defansè SAGE ak Sèvis pou Moun Aje ki LGBTQ+)**
Yon òganizasyon nasyonal k ap defann epi sèvi moun aje ki LGBTQ+.

**MassEquality**
Prensipal òganizasyon ki ap defann dwa moun nan tout eta yo epi y ap travay pou asire tout moun nan Massachusetts kapab fè pwogrè, soti nan moman lè y ap rale rive jis nan simityè, san diskriminasyon ak opresyon ki baze sou oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, oswa ekspresyon sèks.

**The Massachusetts Commission on LGBTQ Youth (Komisyon Massachusetts pou Jèn ki LGBTQ)**
Yo ap konseye lòt moun ki nan gouvènman eta a sou politik ki an vigè, pwogram ak resous pou jèn LGBTQ epi mete Pwogram pou Lekòl San Danje a sou pye.

**Worcester Pride (Fyète Worcester)**
Yon evènman kote gen divès kalite aktivite ki fèt sou 10 jou pou sipòte LGBTQ+ nan Massachusetts Santral. Tanpri vizite sit entènèt la pou jwenn enfòmasyon sou evènman Pride (Fyète) sa a.

**Liy Dirèk Nasyonal pou Lesbyèn, Omoseksyèl, Biseksyèl ak Transjan**
Ofri yon espas anonim ak konfidansyèl ki san danje kote moun ki rele a kapab pale sou diferan pwoblèm ak enkyetid tankou: pwoblèm pou deklare oryantasyon seksyèl yo, sèks epi/oswa idantite seksyèl, enkyetid nan relasyon, tizonnay, pwoblèm nan espas travay, anksyete konsènan VIH/SIDA, enfòmasyon sou sèks ki pi sèten, suisid ak plis toujou.

**Bisexual Resource Center (Sant Resous pou Biseksyèl)**
Pi ansyen òganizasyon nasyonal sou biseksyalite nan Etazini k ap defann vizibilite biseksyèl epi k ap sansibilize kominote LGBT atravè kominote LGBT ak etewo yo.

**GSA Link, Inc.**
Pou konekte, bay plis responsabilite epi enspire jèn LGBTQ+ atravè divès kalite pwogram ki fèt pou tande epi fè pwomosyon vwa yo avèk kamarad ak sipò adilt yo.

**Supporters of Worcester Area GLBTQ+ Youth (SWAGLY) (Sipò pou Jèn LGBTQ+ nan Rejyon Worcester)**
Klèb sipò sosyal pou jèn ak alye LGBTQIA+ ki gen 18 lane ak plis toujou ki gen yon pwogramasyon chak semèn ki bay enfòmasyon sou VIH/IST, konsèy sou kesyon sante seksyèl, sipò pou afimasyon sèks, ranfòse kominote, divètisman, vizit teren, prevansyon ak depistaj, aktivism, reprezantasyon LGBTQIA+ nan medya ak plis toujou.

**Love Your Labels (Renmen sa ou reprezante)**

Misyon yo se pou sipòte jèn LGBTQ+ atravè atizay, mòd ak konsepsyon, epi yo travay avèk fanmi ak kominote yo pou kreye yon espas kote tout moun entegre epi ki gen anpil lanmou tout kote.

**Liy pou tande kamarad LGBT (25 lane ak plis)**
Yo ofri èd, enfòmasyon, referans ak sipò pou diveran kalite pwoblèm san yo pa jije oswa pouse w pran yon nenpòt desizyon ou pa pare pou pran. Benevòl ki pran fòmasyon pou pale sou kesyon sèks san danje, deklarasyon oryantasyon seksyèl, kote ou kapab jwenn etablisman k ap resevwa moun ki omoseksyèl, VIH ak SIDA, depresyon, suisid, vyolans ak asèlman kont omoseksyèl epi/oswa lesbyèn.

**Springwell, Inc.**
Inisyativ LGBTQIA+ pou adilt ki pi aje.
Liy enfòmasyon konfidansyèl: 508-573-7288
Biwo Prensipal: 508-573-7200

#Metekòwdeyò

# Bagay pou w fè

Ou pa janm twò granmoun oswa twò jèn pou w pase gade aktivite sa yo nan vil la. Panse pou w pwofite pwogram nou an atravè bibliyotèk, Sant pou Moun Aje, Espas Lwazi ak lòt biznis ak òganizasyon ki pa la pou fè lajan ki tou pre w.

**Lwazi nan Northborough**
Depatman Lwazi nan Northborough ofri rezidan yo pwogram, aktivite ak etablisman konplè ki ankouraje sante, aktivite fizik, kilti, lwazi, edikasyon, ak opòtinite sosyal nan kominote a. Pou w kapab jwenn lis tout pwogram ak pak yo, tanpri vizite sit entènèt yo a.

**Northborough Senior Center (Sant pou Moun Aje nan Northborough)**
Sant pou moun aje a kapab ede w pandan l ap ofri sèvis pèsonalize ki tou pre w, èd manje, èd pou sante, prè pou ekipman medikal, fon ijans, sipò pou moun k ap bay swen, resous pou lojman, èd asirans, sipò emosyonèl ak koneksyon sosyal. Epitou, yo ofri divèsd kalite atelye, aktivite ak opòtinite pou benevòl.

**Northborough Free Library (Bibliyotèk Gratis nan Northborough)**
Bibliyotèk Gratis nan Northborough ofri materyèl, espas, aksè ak opòtinite pou manm nan kominote a aprann epi dekouvri; pou anrichi lavi yo epi pousuiv objektif pèsonèl yo; epi angaje avèk lòt moun nan yon anviwònman konfòtab. Ou kapab verifye liv, medya, diferan evènman ak pwogram, oswa rezève yon sal reyinyon epi/oswa sal etid.

**Chèche ikòn tikè a - li vle di rezidan yo kapab rezève kat gratis nan Northborough Free Library (Bibliyotèk Gratis nan Northborough)**

## Fèm Lokal

**Tougas Family Farm (Fèm Familyal Tougas)**
Fèm ki fè fwi epi ki ofri posibilite pou keyi frèz, seriz, mitil (blueberries), franbwaz, pèch, nektarin, pòm ak sitwouy poukont ou. Aktivite pou fanmi nan lakou fèm nan, espas jwèt ak kuizin nan fèm la.

**Davidian's Farm (Fèm Davidian)**
Li ouvri pandan tout ane a, epi li ofri pwodui lokal tankou fwi, legim ak vyann lokal. Epitou, yo vann manje prepare, atik pou patisri ak pou dekorasyon. Li gen yon sèvis chakitri epi li ofri yon sèvis tretè.

**Berberian's Farm (Fèm Berberian)**
Se yon fèm ki kiltive pifò pwodui y ap vann: mayi, leti, tomat, zonyon vèt, chou kale, pwavron, berejèn, pwa ak plis toujou.

**Trombetta's Farm (Fèm Trombetta)**
Amize w ak ti teren gòlf ki anndan an, krèm ak yon sant ki gen yon jaden.

**Davis Farmland and Mega Maze (Davis Farmland ak Gwo Labirent yo)**
Li gen plizyè atraksyon diferan, tankou gwo labirent yo a. Babekyou, bwason ak evènman an dirèk.

## Randone ak Nati

**New England Botanic Garden (Jaden Botanik New England) nan Tower Hill**
171 ak pou gade jaden, pwomennen sou santye yo, aktivite, evènman prive, klas, maryaj, ekspozisyon, ak plis toujou.

**Garden In The Woods (Jaden nan Bwa yo)**
Yon jaden botanik inik kote w ap jwenn yon koleksyon plant natiralis ki mete plant natif New England yo an valè avèk lòt kalite plant konplemantè ki soti toupatou nan peyi a.

**Broad Meadow Brook Conservation Center & Wildlife Sanctuary (Sant Konsèvasyon ak Sanktyè Broad Meadow Brook)**
Chemen pou pwomennen, chemen sansoryèl, espas pou jwe nan lanati, diferan espès sovaj ak divèsite nan abita pou bèt sovaj, evènman sezonye, kan ete, pwogram edikasyon pandan tout ane a, diferan ekspozisyon ki fèt anndan an ak yon boutik kado.

**Trustees Go Pass**
Eksplore plis pase 100 Pwopriyete Fidisyè atravè eta a, tankou fèm, pak, sit istorik ak mize yo. Jwenn yon espas pou monte cheval, vwal, kannòtaj, ak plis ankò.

**Hopkinton State Park (Pak nan Eta Hopkinton)**

Pak nan eta sa a gen santye, plaj, kote pou ale lapèch ak zòn pou piknik. Plas paking nan $8 pou rezidan MA ak $30 pou moun, oswa li gratis lè w gen yon Trustees Go Pass.

**Boston Harbor Islands National Park Area (Zòn Pak Nasyonal Boston Harbor Islands)**
Pran yon bato ki pote pasaje pou Boston Harbor Islands epi amize w pandan w ap monte bato, pwomennen oswa naje oswa fè tou istorik nan Fort Warren.

**Broadmoor Wildlife Sanctuary (Sanktyè Vi Sovaj Broadmoor)**
Santye, baraj pou kastò, nich pou kana, tòti, baraj pou moulen, kaskad, salklas, pwomnad avèk abita plant akwatik ak bèt sovaj yo, pwogram piblik, pwomnad lannuit, kandete, obsèvasyon zwazo ak plis toujou.

## Pak ak Santye nan Vil la

**Santye nan Northborough**
Genyen aktyèlman uit (8) zòn lwazi atravè Northborough ki genyen apeprè 20 mil santye ki byen bèl, epi ki fè pati sistèm santye Northborough a. Nou kapab itilize santye sa yo pou pwomennen, fè rakèt, monte bisiklèt nan montay, ekitasyon ak eski, sof si yo mande pou pa fè sa.

**Assabet Park (Pak Assabet)**
Li gen yon espas pou jwe pou timoun ki gen 7 lane oswa mwens ak yon fontèn dlo.

**Ellsworth McAfee Park (Pak Ellsworth McAfee)**
Li ofri teren foutbòl, espas pou jwe pou timoun ki gen 6 lane ak plis, pak pou esket, teren pickleball, teren baskètbòl, teren pou jwe volebòl sou sab, aksè ak rivaj Assabet River ak yon santye pou pwommenen, kyosk ak yon paviyon ki disponib pou lwe.

**Watson Park (Pak Watson)**
Li ofri posibilite pou peche bò rivaj la, ramp pou bato, ak Watson Park Pollination Preservation Garden (Jaden pou Prezèvasyon Polinizasyon Watson Park). Jaden an gen plant natif, espesifik pou abèy natif nou yo ki an danje. Chan ki gen plant natif yo bò kote jaden polinizasyon an.

**Garden In The Woods (Jaden nan Bwa yo)**
Ofri 40 kawo jaden rezidan Northborough yo kapab lwe chak ane.

## Espò pou jèn

Northborough Youth Basketball (Baskètbòl pou Jèn nan Northborough)
northboroyouthbasketball.org

Northborough Youth Soccer (Foutbòl pou Jèn nan Northborough)
nysa.net/wp

Northborough & Southborough Youth Football & Cheer (Foutbòl pou Jèn ak Tchilidè nan Northborough)
jrthawks.com

Northborough & Southborough Youth Lacrosse (Lakwòs pou jèn nan Northborough ak Southborough)
nsyla.org

Algonquin Baseball & Softball Association (Asosyasyon Bezbòl ak Sòfbòl nan Algonquin)
algonquinbsa.org

**ÈSKE OU TE KONNEN?**
**Genyen uit (8) zòn lwazi atravè Northborough ki genyen apeprè 20 mil santye, epi ki fè pati sistèm santye Northborough a.**

## Òganizasyon Espòtif

**Travay ekip**
Li ofri tounwa ak lig pou adilt pou; foutbòl, baskètbòl, hockey sou gazon, volebòl, flag foutbòl, futsal ak wiffeball. Vizite sit entènèt yo a pou jwenn plis enfòmasyon sou chak lig ak enfòmasyon sou fason pou vin manm.

**Sawyer's Bowladrome (Bowladrome Sawyer)**
Vin manm yon lig bowling pou moun aje, fi, gason oswa yon gwoup miks, oswa lwe espas la pou yon pati prive. Rele pou jwenn plis enfòmasyon sou diferan lig yo.

**Juniper Hill Golf Course (Teren Gòlf Juniper Hill)**
36 twou gòlf nan de (2) pakou diferan epi ki estimilan ansanm ak yon paviyon ki fenk repare ki gen ladan l yon boutik pwofesyonèl, sant pou anseye gòlf, Juniper Grille, ak etablisman pou konferans ak evènman.

**Lwazi nan Northborough**
Li ofri plizyè lig ak klas pou adilt tankou tire fèch, gòlf, leson tenis pou adilt ak adilt ak Softball pou Fi pandan Prentan an.

## Sal Espò

**Fè egzèsis pou fòm fizik nenpòt lè**
Yo gen sal espò ki ouvè ak antrenè pèsonèl.

**Aspire Fitness (Solisyon Byennèt Pèsonèl)**
Yo pèsonalize yon plan egzèsis ki fèt pou reponn epi depase objektif sante ak pou jwenn fòm fizik ou.
508-466-8114
aspirefitnessma.com

276 West Main St. Rear Building

**Core Connection (Koneksyon Debaz)**
Yo ofri kou yoga, siklis, pilat, refòme, ba, bootcamps ak plis toujou. Yo ofri sesyon yo vityèl, nan espas deyò ak nan estidyo a.

**ForceField Athletics (ChanFòs Atletism)**
Yon etablisman pou antrènman espòtif ki 3,000 pye kare, epi ki gen klas an gwoup ak endividyèl ki gen pou objektif andirans kadyo-respiratwa, rezistans, fòs, fleksibilite, puisans, vitès, kowòdinasyon, ajilite, ekilib ak presizyon.

**F45 Training Northborough (Antrènman F45 Northborough)**
Antrènman fonksyonèl la se yon melanj sikui ak egzèsis fizik nan estil HIIT ki baze sou mouvman fè chak jou epi ki dire 45 minit.

**Hotworx**
Seyans antrènman ak sona enfrawouj ki disponib pandan 24 èdtan, li gen ladan l seyans izometri ki dire 30 minit ak 15 minit sesyon HIIT, se enstriktè vityèl ki ap dirije tout. Tanpri, vizitesit entènèt la pou wè lis konplè antrènman nou ofri yo. Epitou, li gen yon sal egzèsis fonksyonèl nou kapab itilize anvan, apre, oswa nan mitan sesyon egzèsis yo.

**Northborough Fitness (Sal Egzèsis nan Northborough)**
Sant egzèsis ki ouvri 24 sou 24 epi ki ofri klas bisiklèt, miskilasyon, antrènman pèsonèl ak plis toujou.

**Pure Barre**
Yo ofri klas an gwoup ki baze sou mizik epi ki konsantre sou mouvman ki fè yon ti enpak pou rive nan gwo enpak pou ranfòse ak rafèmi kò w nan mwens pase inèdtan.

**Undisputed Boxing Club (Klèb Bòks San Afwontman)**
Klèb bòks ki konsantre l sout tout diferan nivo eksperyans ak laj pou anseye bòks otantik epi li pèsonalize pwogram ou an pou satisfè bezwen espesifik ou yo.

**YMCA Boroughs Family Branch (Branch YMCA pou Fanmi ki Nan Katye a)**
Li ofri divès kalite sèvis ki disponib pou manm li yo. Tanpri vizite sit entènèt la pou jwenn lis sèvis ki konplè epi ki egzak yo ak disponiblite yo.

## Aktivite Atizay ak Kiltirèl

**Northborough Historical Society (Sosyete Istorik Northborough)**
Yo ofri yon mize ak achiv ki ouvri pou piblik la, ansanm ak pwogram chak mwa.

**Paint Your Own Pottery Studio (Atelye Potri pou Pentire Poukont ou)**
Ou kapab pentire potri a lakay gras ak opsyon ki ba w posibilite pou pote potri a lakay ou, oswa pran yon randevou pou pentire nan estidyo a.

**Polly Art Studio (Estidyo Atizay Polly)**
Yo ofri divès kalite klas atizay pou tout laj.

## Kontinye ak fòmasyon an

**Assabet After Dark (Pwogram Apre Lannuit Assabet)**
Pi gwo pwogrram fòmasyon kap kontinye pou adilt nan Metrowest. Li ofri divès kalite klas ak atelye pou adilt soti nan kou kuizin ak klas pou travay bwa pou rive nan fòmasyon EMT oswa klas finans. Kou yo chanje chak sezon. Vizite sit entènèt la pou jwenn yon lis egzak pwogram ki gen kounye a.
508-263-9651
assabetafterdark.com
215 Fitchburg St., Marlborough

## Opòtinite pou Volontè

**Konsèy ak Komite Vil la**
Si w enterese pou vin yon manm aktif nan kominote an, vin manm youn nan konsèy oswa komite vil la ki gen yon pozisyon ki ouvè, oswa patisipe nan pwochen eleksyon yo.

**Northborough Junior Woman's Club (Klèb Feminen Jinyò Northborough)**
Klèb fi yo amelyore zòn nan gras ak pwojè kominotè tankou: Women In Science (Fi ki nan Domèn Syans), Teknoloji, Jeni ak Matematik (STEM), Resiklaj Poliyestirèn, Pinwheels for Prevention, ak sipò pou òganizasyon ki pa la pou fè pwofi.

**Northborough Rotary Club (Klèb Rotary Northborough)**
Y ap travay pou ini moun epi poze aksyon pou kreye yon chanjman dirab atravè monn nan ak nan peyi a.

**Medical Reserve Corps of Massachusetts (Kò Rezèv Medikal nan Massachusetts)**
Y ap sèvi kominote a pandan yo pran angajman pou lòt moun, epi yo kolekte fon pou òganizasyon ak pwogram lokal tankou nan gadmanje ak gwoup lokal pou jèn.

**Northborough Lions Club (Klèb Lions Northborough)**
Y ap sèvi kominote a pandan yo pran angajman pou lòt moun, epi yo kolekte fon pou òganizasyon ak pwogram lokal tankou nan gadmanje ak gwoup lokal pou jèn.

**Gadmanje Northborough**
Yon sous manje anplis pou moun ki gen yon revni limite oswa ki gen yon bezwen grav.

# Resous Pou Demans

**Alzheimer's Association (Asosyasyon pou Alzheimer)**

Yo ofri sipò ak opòtinite vityèl pou angajman.

**Alèt pou Demans epi/oswa Pwoblèm Koyitif nan Northborough**
Yon efò kowoperasyon ant Depatman Polis Northborough ak Konsèy Northborough Pou Moun ki Aje. Li la pou ede moun k ap pran swen moun ki gen demans oswa pwoblèm koyitif yo, pandan y ap ede nan ankèt sou moun yo siyale ki disparèt.

**Springwell, Inc.**
Yo ofri Massachusetts Home Care Programs (Pwogram Swen Nan Kay nan Massachusetts), Meals on Wheels (Pote Manje Lakay ou), Money Management Program (Pwogram Jesyon Lajan), ak Caregiver Support Program (Pwogram Sipò pou Moun k ap bay swen). Epitou, yo bay enfòmasyon ak referans pou sèvis pou moun aje.

## Pwogram Èd pou Adilt

**DayBreak Social Daycare Program (Pwogram Gadri Sosyal DayBreak)**
Pwogram ki la pou moun ki gen demans oswa twoub koyitif, epi ki ofri yon eksperyans ki san danje epi ki estimilan avèk aktivite ki amizan ak entèraksyon sosyal pandan y ap ofri swen pou patnè, pandan yo gen tan pou tèt yo. Yo rankontre nan Sant pou Moun Aje a.

**A Better Day (Yon Pi Bon Jou)**
Yon pwogram sosyal pandan lajounen ki fèt sèlman pou sipòte, konekte epi ofri yon angajman ki enpòtan pou adilt k ap viv ak twoub koyitif nan zòn MetroWest.
Modèl Pwogram ki Fèt Lajounen pou Sipò Medikal

## Modèl Pwogram ki Fèt Lajounen pou Sipò Medikal

**Aging Well ADH (Vyeyi Byen ADH)**
Nan Aging Well Center (sant pou Vyeyi Byen), moun ki aje ak lòt adilt ki gen bezwen medikal oswa reyadaptasyon kapab fè zanmi, vin pi endepandan epi resevwa sipò yo bezwen chak jou pou fè pwogrè nan anviwònman anrichisan pandan lajounen. Pèsonèl la ofri yon sèvis pèsonalize ki melanje ak èd ki adapte ak bezwen chak moun nou sèvi, tankou moun ki soti nan diferan kalite kilti.

# EEC Licensed Childcare & After School Programs (Pwogram Gadri ak Pwogram Aprè Lekòl EEC Rekonèt)

Pou w jwenn lis konplè pwogram gadri EEC a (li gen ladan l gadri ki fèt lakay) nan zòn ou an, ale sou eeclead.force.com/EEC_ChildcareSearch.

Church of the Nativity Community Nursery School (Lekòl Matènèl Kominotè Legliz Nativite)
508-393-1210
79 Bartlett St.

Nashoba Montessori School, Inc.
978-870-3818
40 Church St.

Skribbles Learning Center II, Inc.
508-393-2100
348 Main St.

Skribbles Learning Center, Inc

The Goddard School

Three Apples School

**Northborough Extended Day Programs, Inc. (NEDP) (Pwogram ki Pwolonje Pandan Lajounen nan Northborough, Inc)**
Òganizasyon prive ki pa la pou fè pwofi ki ofri swen anvan ak aprè lekòl pou timoun nan Kindègadenn rive nan 5yèm ane nan chak kat (4) lekòl elemantè piblik yo. Aktyèlman, yo bay swen anvan lekòl yo nan Lincoln Street ak Peaslee schools.

# Èd Finansyè

**MA 211**
Apèl konfidansyèl pou jwenn èd nan kominote ou an pandan tan kriz. Li disponib 24 sou 24 ak 7 jou 7.

**MA Department of Unemployment Assistance (DUA) (Depatman Èd pou Moun ki p ap Travay nan Massachusetts)**
Li ofri yon èd pou revni tanporè pou travayè ki kalifye nan Massachusetts.

**MA Department of Transitional Assistance (DTA) (Aplike nan Depatman Asistans Tranzitwa nan Massachusetts)**
DTA ofri avantaj pou timoun, adilt, fanmi moun ki aje ak moun ki gen andikap, epi li se ajans k ap dirije SNAP tou (yo te konn rele koupo pou manje anvan sa).

**MA Good Neighbor Energy Fund (Fon Enèji Bon Vwazinaj nan Massachusetts)**
Li bay èd nan kesyon enèji bay santèn milye rezidan ki nan sitiyasyon kriz tanporè, epi ki gen difikilte pou peye fakti enèji yo. Epitou, pou moun ki pa kalifye pou finansman sou kesyon enèji nan eta a oswa nan nivo federal.

**Pwogram Money Management International (MMI) (Jesyon Finansyè Entènasyonal)**
MMI se yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki ofri solisyon pou difikilte finansyè moun rankontre chak jou, tankou edikasyon finansyè ak sèvis kote yo bay konsèy.

**Pwogram MA Money Management (Jesyon Lajan nan Massachusetts)**

Pwogram Springwell's Money Management (Jesyon Lajan nan Springwell) ofri sipò pou moun aje ki gen difikilte pou jere kesyon finans chak jou yo, pandan y ap ofri èd gratis pou pèman fakti, fè bidjè, li kourye, defann enterè avèk pwofesyonèl k ap ofri sèvis yo, ak plis toujou.

**Northborough Helping Hands Association (NHHA) (Asosyasyon Men K ap Ede nan Northborough)**
Misyon NHHA se pou kowòdone pwogram ki la pou asiste èd moun ki nan bezwen yo sou fòm panye alimantè pou Thanksgiving, kado nwèl, rad, ekipman medikal, ak èd ijans pou sèvis espesyal. Yo trete referans yo atravè NFYS ak Sant pou Moun Aje.

# Resous Alimantè

**Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP) (Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè)**
SNAP bay yon avantaj chak mwa pou achte manje ki fòtifyan. Pou w kapab jwenn SNAP, ou dwe se yon moun ki gen yon revni ki ba, epi ou dwe yon sitwayen peyi Etazini, oswa yon moun ki pa sitwayen Ameriken men ki legal.

**Gadmanje Northborough**
Yon sous manje anplis pou moun ki gen yon revni limite oswa ki gen yon bezwen grav. Rezidan Northborough oswa moun ki gen yon kat manm ki aktif nan yon legliz ki nan Northborough kapab ale pran manje nan gadmanje a yon fwa pa semèn. Northborough Friendship Fridge (Frijidè pou Amitye nan Northborough) sitiye pa deyò, pran tout sa w bezwen epi kite tout sa w kapab.

**Manje Kominotè**
Moun ki nan bezwen manje, kapab vin patisipe ak nou Mèkredi aprèmidi a 5è 30 pm nan paking Trinity Church.

**Liy Dirèk Project Bread Food Source (Sous Alimantè Pwojè Bread)**
Gen èd pou montre kote resous alimantè yo ye ak sèvis tradiksyon ki disponib.

**MA Women, Infants, & Children Nutrition Program (WIC) (Fi, Tibebe ak Timoun nan Massachusetts)**
WIC se yon pwogram nitrisyon ki bay fanmi nan Massachusetts ki kalifye manje gratis, fòmasyon sou nitrisyon, sipò pou alètman epi li voye yo bay sèvis swen sante ak lòt sèvis yo, gratis.

**Repa nan lekòl**
Lekòl Piblik nan Northborough ak Southborough. Pou fanmi timoun ki gen laj pou ale lekòl.

**Senior Center Dining: Bistro @ 119 (Sant Repa pou Moun ki Aje: Bistro @119)**
Bistro @ 119 ouvè pou repa yo lendi pou rive jedi a midi.

# Èd Jeneral

## Sèvis Sosyal

Sèvis pou Fanmi ak Jèn nan Northborough
508-393-5020

Northborough Senior Center Outreach (Sant pou Sansibilizasyon Moun Aje nan Northborough)
508-393-5035
Distri Rejyonal pou Veteran nan Massachusetts Central
774-293-2208

**South Middlesex Opportunity Council (SMOC) (Konsèy Opòtinite ki nan Sid Middlesex)**
Yo gen pou objektif amelyore kalite lavi fanmi ak moun ki gen revni ki ba epi ki defavorize pandan y ap defann bezwen ak dwa yo. Yo ofri fòmasyon, resous, sipò ak sèvis ki gen rapò ak: fanmi ak nitrisyon, sante mantal ak konsomasyon sibstans, lojman ak moun ki sanzabri, èd enèji ak finansyè, devlopman ekonomik, ak devlopman mendèv.

## Preparasyon pou Ijans

**Manyèl pou Preparasyon pou Ijans**
Vil Northborough te kreye yon gid detaye epi ki fasil pou itilize pou ede fanmi yo prepare pou sitiyasyon ijans. Gade oswa telechaje manyèl la sou sit entènèt nou an.

**CodeRED**
Sistèm notifikasyon ijans Vil Northborough a itilize. CodeRED pèmèt moun kominike mesaj enpòtan bay rezidan yo atravè telefòn, mesaj tèks, epi/oswa imèl nan menm moman an. Enskri sou sit entènèt la oswa itilize aplikasyon kamera ki sou esmatfòn ou an pou eskàne Kòd QR la.

## Moun ki avèg epi/oswa Moun ki gen pwoblèm je

**Mass Commission for the Blind (Komisyon pou Moun Avèg nan Massachusetts)**
Sèvis sa la pou moun ki legalman avèg nan MA pandan l ap ba yo aksè ak opòtinite travay ak reyabilitasyon avèk objektif pou ogmante endepandans ak detèminasyon pèsonèl.

**Visions of Independence (Endepandans nan Vizyon)**
Li ede moun ki pèdi vizyon yo viv lavi yo epi li ba yo yon nouvo espwa.

**MA Association for the Blind and Visually Impaired (MBVI) (Asosyasyon pou Moun ki Avèg ak Moun ki gen Pwoblèm Je nan Massachusetts)**

Li ofri sèvis reyabilitasyon ak sipò atravè aksè ak klinik ki pa koute anpil kòb, gwoup sipò pou ankouraje youn ak lòt, èd benevòl 1:1, reyabilitasyon pou kesyon vizyon nan kay, sipò pou sante mantal epi/oswa konsèy pou ajisteman, ak fòmasyon ak aksè epi/oswa teknoloji asistans.

**MA Equipment Distribution Program (Pwogram pou Distribisyon Ekipman nan Massachusetts)**
Li ofri telefòn espesyalize, ki alafwa san fil epi ki ak fil, pou rezidan ki gen yon andikap pèmanan.

## Moun ki soud epi/oswa Moun ki gen difikilte pou tande

**Sèvis Relè nan Massachusetts**
Yon sèvis relè nan kominikasyon pou moun ki ka soud, moun ki gen difikilte pou tande, ki vin soud byen ta, oswa ki gen difikite pou pale.

**MA Commission for the Deaf and Hard of Hearing (Komisyon pou Moun ki Soud epi ki Gen Difikilte pou Tande nan Massachusetts)**
Misyon yo se pou asire yo pwogram, sèvis ak opòtinite atravè Massachusetts aksesib nèt pou moun ki soud epi ki gen difikilte pou tande.

Èd Jeneral

## Transpò

**Transpò ki adapte WRTA**
Li ofri sèvis transpò sòti nan estasyon pou rive nan destinasyon an bay kliyan ki kalifye pou ADA. Rezidan yo dwe ranpli yon pwosesis aplikasyon anvan yo gen aksè ak sèvis yo.

**Transpò MassHealth**
Human Service Transportation Office (HST) (Biwo pou Sèvis Transpò Moun) jere transpò ki pa ijan pou ale ak soti nan randevou medikal pou manm MassHealth Standard, MassHealth CommonHealth oswa MassHealth CarePlus. Rezidan ki kalifye yo kapab rezève yon trajè sou aplikasyon an, sou sit entènèt, oswa pandan yo rele.

**Blackstone Valley Livery**
Ofri sèvis transpò ki pa ijan pou ale ak soti nan randevou medikal. Gen sèvis chèz woulant ki disponib.

## Èd pou gaz

**South Middlesex Opportunity Council (SMOC) (Konsèy Opòtinite ki nan Sid Middlesex)**

Ofri sèvis pou pwoteksyon kont meteyo ak sistèm chofaj. Yo gen pou objektif amelyore kalite lavi fanmi ak moun ki gen revni ki ba epi ki defavorize pandan y ap defann bezwen ak dwa yo.

**Worcester Community Action Council, Inc. (WCAC) (Konsèy Aksyon Kominotè nan Worcester)**
Y ap travay pou kanpe sik povrete a atravè sèvis pwoteksyon revni ak solisyon pou konstriksyon aktif, pou yo fè sa yo itilize pwogram tankou: èd pou enèji, edikasyon ak swen ki fèt bonè, ranfòsman finansyè, devlopman pozitif pou jèn, ak pakou pwofesyonèl.

**Low Income Home Energy Assistance Program (LIHEAP) (Pwogram Èd Enèji nan Kay pou Fanmi ki Gen Ti Revni)**
Li bay fanmi ki kalifye yo èd pou peye chofaj yo pandan ivè.

# Èd Jiridik

**Èd Jiridik Kominotè**
Li ap travay pou amelyore lavi moun ki gen ti revni yo ak moun ki aje yo atravè èd jiridik ki pwoteje dwa fondamantal yo, sekirize aksè ak bezwen debaz yo, epi li konteste politik ak pratik ki ka deanje yo.

**Mass Legal Help (Èd Jiridik nan Massachusetts)**
Yon pòtay sou entènèt ki konekte moun ak resous piblik ak enfòmasyon ki kapab amelyore aksè ak jistis pou popilasyon ki gen ti revni epi ki defavorize.

**Catholic Charities of Worcester County (Charite Katolik ki nan Konte Worcester)**
Yo ofri sèvis refijye ak imigrasyon.

**Political Asylum/Immigration Representation Project (PAIR) (Pwojè Reprezantasyon pou Politik pou Azil epi/oswa Azil)**
Yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki ap travay ak moun ki fè demann azil, moun ki siviv anba maltretans ak imigran yo kenbe yon fason ki pa jis, pandan l ap reprezante moun ki fè demann azil ki gen ti revni atravè avoka ki travay gratis (pwo-bono). Epitou, li fè prezantasyon ak reprezantasyon *"Know Your Rights"* (Konnen Dwa ou yo) pou moun ki pa sitwayen ki nan prizon imigrasyon Massachusetts.

**Sèvis Enfòmasyon pou Depatman Jistis Kriminèl**
Li kapab ede viktim yo jwenn aksè ak dosye yon delenkan, epi li kapab ede viktim ak moun ki sibi enpak krim yo enskri pou resevwa notifikasyon ki ajou apre arestasyon yon delenkan.

**Pwojè Konte Worcester Court Appointed Special Advocates/Guardian Ad Litem (CASA/GALs) (Avoka Espesyal Tribinal la Nome epi/oswa Responsab Legal Ad Litem)**
CASA se yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki pran angajman pou pale nan pi bon enterè timoun ki viktim abi ak neglijans devan Tribinal Konte Worcester pandan y ap rekrite,

seleksyone epi fòme yon kominote benevòl pou vin CASA/GAL. Epitou, yo pral ede timoun ki viktim abi ak neglijans pase devan Tribinal pou Minè Konte Worcester.

**Anti-Defamation League of New England (Lig Kont Difamasyon New England)**
Yon òganizasyon ki kont rayisab k ap goumen kont aksyon antisemitis ak tout fòm rayisab pandan l ap denonse ekstremis, pandan l ap fòme moun kont prejije, epi lite kont rayisab sou entènèt. Li fè sa ak espwa n ap gen yon monn kote okenn gwoup oswa moun p ap soufri prejije, diskriminasyon oswa rayisab.

**MA Commission Against Discrimination (Komisyon pou Proteksyon Kont Diskriminasyon nan Massachusetts)**
Yon ajans endepandan nan eta ki ap kontwole pou fè aplike lwa kont diskriminasyon nan Massachusetts pandan l ap fè ankèt sou plent kont diskriminasyon, epi pandan l ap ofri fòmasyon sou fason pou korije epi anpeche yo. Epitou, li pibliye resous yo sou entènèt.

**American Civil Liberties Union (ACLU) (Inyon Ameriken pou Libète Sivil yo) nan Massachusetts)**
Yon òganizasyon ki pa gen fòs kote ki ap defann prensip ki ekri nan Deklarasyon Dwa Massachusetts, ansanm ak nan Konstitisyon Etazini ak Deklarasyon Dwa yo.

**Sèvis Legal MetroWest**
Yo ofri èd jiridik sivil gratis pou moun ki gen ti revni ak viktim krim ki pa t ap jwenn jistis san èd nou.

**Association for the Advancement of Colored People (NAACP) (Asosyasyon Nasyonal pou Avansman Moun Ki Pa Blan)**
Yo ap mennen yon mouvman aktivis pou dwa sivil ak jistis soyal. Misyon yo se pou yo jwenn ekite, dwa politik, ak enklizyon sosyal pandan y ap fè avanse politik ak pratik ki fè dwa moun ak dwa sivil yo avanse. Epitou, y ap travay pou elimine diskriminasyon, akselere byennèt, edikasyon ak sekirite ekonomik moun Nwa ak tout moun ki pa blan atravè ekite rasyal, angajman sivik, ak politik ak enstitisyon k ap sipòte tout moun ki majinalize sa yo.

# Asistans pou Lojman

**Northborough Housing Authority (Otorite Lojman nan Northborough)**
Misyon Otorite Lojman nan Northborough Housing Authority (Otorite Lojman nan Northborough) se ofri lojman ki abòdab, san danje epi ki konfòtab pou moun ki aje, moun ki gen andikap, ak fanmi ki fè demann èd la.

**Residential Assistance for Families in Transition (RAFT) (Asistans Rezidansyèl pou Fanmi ki nan Tranzisyon)**
Pwogram RAFT ak ERAP leta sibvansyone a se zouti ekip HCEC a itilize pou bay fwaye oswa moun ki kalifye yo fon yo kapab itilize pou rete nan lojman yo, jwenn nouvo lojman, oswa pou evite vin sanzabri.

## Vi asiste

**Whitney Place Assisted Living and Memory Care (Vi Asiste ak Swen pou Memwa Whitney Place)**
Yon kominote ki gen kè kontan epi ki akeyan k ap ofri adilt aje yo sipò yo bezwen pwogrese. Yo ofri swen ki adapte pou chak moun, apatman prive oswa ki pataje, repa ak goute, opòtinite lwazi, transpò lokal ki planifye, ak repons pou ijans pandan 24 èdtan.

**Coleman House**
Li ofri alafwa swen enfimye espesyalize ak etablisman pou lavi asiste ki fèt pou moun ki pèdi memwa yo.

## Atik pou Fwaye yo

**Fresh Start Furniture Bank (Estokaj Mèb Fresh Start)**
Fresh Start Furniture Bank (Estokaj Mèb Fresh Start) se yon òganizasyon charite moun ki benevòl ap dirije, epi ki la pou restore espwa, diyite ak estabilite nan kominote nou an pandan y ap resikle gratis mèb ak atik pou kay pou moun ki nan bezwen.

**Household Goods Recycling (Resiklaj Atik pou Kay) nan Massachusetts**
Household Goods (Atik pou Kay) ofri divès kalite mèb ak atik pou kay yo bay nan don, san yo pa peye, pou ede moun ki nan bezwen mete bagay nan kay yo.

## Sèvis Lojman pou Abri ak Ijans

**Massachusetts Coalition for the Homeless (Kowalisyon Massachusetts pou Sanzabri yo)**
Li ofri yon kantite pwogram pou ede moun ki sanzabri oswa ki gen risk pou vin sanzabri.

**Housing Consumer Education Centers (Sant Fòmasyon pou Konsomatè Lojman)**
Li ofri repons pou divès kesyon moun genyen sou tout kalite pwoblèm lojman. Moun ki lwe, pwopriyetè kay, moun ki gen entansyon achte ak pwopriyetè kay kapab gen aksè ak enfòmasyon sa yo ki fèt pou ogmante estabilite nan kesyon lojman, ranfòse envestisman, epi diminye konfli yo.

**Executive Office of Housing and Livable Communities (EOHLC) (Biwo Egzekitif pou Lojman ak Kominote Vivab)**
EOHLC, atravè kominote li an ak patnè nan biznis, ofri opsyon pou lojman abòdab, èd finansyè, ak lòt sipò pou kominote nan Massachusetts. Nou sipèvize diferan kalite èd ak finansman pou konsomatè, biznis, ak patnè ki pa la pou fè pwofi.

**Veterans, INC**
Yon lidè nasyonal ki la pou mete fen nan kesyon sanzabri pami veterans yo, li se pi gwo founisè sèvis pou veteran ak fanmi yo nan New England.

**Nan ka kote gen ijans oswa katastwòf natirèl, Vil Northborough a ka ouvè abri yo. Enskri nan Sistèm Notifikasyon Ijans CodeRED Vil Northborough a nan [town.northborough.ma.us/fire-rescue-emergency-management](town.northborough.ma.us/fire-rescue-emergency-management).**

#reteansante

# Resous Sante

## Èd pou Asirans sante

**Serving Health Insurance Needs of Everyone (SHINE) (Sèvi Bezwen Tout Moun Genyen pou Asirans Sante)**
SHINe bay konsèy sou asirans sante ki sanpatipri epi li bay èd pou rezidan Massachusetts ki gen Medicare, moun k ap ba yo swen yo, ak moun ki ap pwoche nan moman kalifikasyon pou Medicare. Yo administre l atravè Northborough Senior Center (Sant pou Moun Aje nan Northborough)

**MassHealth Enrollment Center (Sant Enskripsyon MassHealth)**
Nan Massachusetts, Medicaid ak Children's Health Insurance Program (CHIP) (Pwogram Asirans Sante Timoun) konbine an yon sèl pwogram yo rele MassHealth kote manm yo ka gen posibilite pou fè vizit doktè, sèvis dantè, entènè lopital, preskripsyon medikaman, ak anpil lòt sèvis enpòtan.

**Medicare**
Medicare se yon asirans sante pou moun ki gen laj 65 lane oubyen plis. Ou kalifye premye fwa pou w enskri pou Medicare twa mwa anvan ou gen 65 lane, oswa pi bonè si ou gen yon andikap, Dènye Etap Maladi Ren, oswa ALS.

**Health Care for All (Swen lasante pou tout moun)**
Li ede moun enskri nan pwogram asirans sante piblik, jwenn èd pou peye pou asirans sante, epi yo reponn kesyon konsènan asirans prive.

**MA Health Connector (Konekte Kesyon sante nan Massachusetts)**
Mache pou asirans sante ki baze nan eta a, epi ki pèmèt moun achte asirans sante ak asirans dantè ki abòdab pi fasil.

## Pwogram nan Eta a pou Èd Anndan Kay

**Springwell, Inc.**
Pwogram Eta a pou Swen nan Kay pou swen pèsonèl ki bay nan kay, èd pou travay nan kay, akonpaye moun, rapèl pou medikaman ak jesyon dosye. Moun nan dwe reponn ak kèk egzijans pou kalifye pou sèvis yo.

## Sant Sèvis pou Moun ki gen Andikap

**MA Office on Disability (Biwo pou Moun ki Gen Andikap nan Massachusetts)**
Y ap travaypou asire moun ki genyen andikap kapab patisipe yon fason ki egal nan tout aspè nan lavi Massachusetts.

**Disabled Persons Protection Commission MA (Komisyon pou Pwoteksyon Moun ki gen Andikap nan Massachusetts)**
Li pwoteje adilt ki gen andikap yo kont aksyon abizif oswa erè moun k ap baw swen yo atravè siveyans ankèt, sansibilizasyonpiblik ak prevansyon.

## Èd pou Preskripsyon Medikaman

**MA Medline (Medline nan Massachusetts) (MCPHS Pharmacy Outreach Program) (Pwogram pou Rive Atenn Famasi MCPHS)**
Se MA College of Pharmacy and Health Sciences (Inivèsite pou Famasi ak Syans Sante nan Massachusetts) ki ap jere l, epi yo bay enfòmasyon ki kapab diminye pri medikaman, yo bay sèvis Jesyon Terapi Ki Fèt Ak Medikaman pou alafwa pasyan ak pwofesyonèl swen sante yo. Epitou, yo ede w konprann avantaj plan Medicare pou preskripsyon medikaman.

**Prescription Advantage (Avantaj Preskripsyon)**
Pwogram preskripsyon medikaman eta a sibvansyone pou moun ki aje ak moun ki genyen yon andikap, epi li ede ba yo èd finansye ki ap diminye pri preskripsyon medikaman yo.

## Prè pou Ekipman Medikal

**Helping Hands (Men K ap Ede)**
Rezidan Northborough kapab prete nenpòt ekipman (selon lè yo disponib) Pwogram sa a te fèt pou asire disponiblite ekipman medikal gratis pou yon itilizasyon sou yon peryòd ki kout oswa ki long.

## Sant Swen Ijan yo

Carewell Urgent Care (swen Ijan Carewell)
978-494-5235
carewellurgentcare.com/centers/
Northborough
333 SW Cutoff

Minute Clinic Walk-in Clinic (Klinik San Randevou Minute Clinic) nan Famasi CVS
866-389-2727
cvs.com
24 W. Main St.

## Lopital yo

UMass Memorial- Marlborough Hospital
508-481-5000
ummhealth.org
157 Union St., Marlborough

Framingham Union Hospital
508-383-1000
mwmc.com
115 Lincoln St., Framingham

UMass Memorial HealthAlliance
Clinton Hospital
978-368-3000
ummhealth.org
201 Highland St.,Clinton

UMass Memorial- Kanpis Inivèsitè
508-334-1000
ummhealth.org
55 Lake Ave. North, Worcester

St. Vincent Hospital Worcester
508-363-5000
stvincenthospital.com
123 Summer St.,Worcester

UMass Memorial Medical Center–Kanpis Memorial
508-334-1000
ummhealth.org
119 Belmont St., Worcester

# Atak Seksyèl epi/oswa Vyolans Domestik

**Liy Dirèk Safelink pou Vyolans Domestik nan Massachusetts**
Liy dirèk pouu vyolans domestik ki disponib gratis 24 sou 24 ak 7 jou sou 7 nan tout Massachusetts.

**Voices Against Violence (Vwa Kont Vyolans)**
Y ap travay pou mete fen ak vyolans seksyèl ak domestik pandan y ap bay viktim ak sivivan yo mwayen pou ede tètg yo ak timoun yo.

**Building Will Reclaiming Independence (BWRI) (Konstwi Volonte Reklame Endepandans)**
BWRI angaje l pou kreye yon kominote kote pa gen vyolans domestik atravè fòmasyon, entèvansyon ak prevansyon.

**Jane Doe Inc.**
Y ap travay pou kreye chanjman sosyal pandan y ap atake kòz prensipal vyolans domestik yo, epi y ap fè pwomosyon pou jistis, sekirite ak gerizon sivivan yo.

**National Sexual Violence Resource Center (NSVRC) (Sant Resous Nasyonal pou Vyolans Seksyèl)**
Y ap travay pou ofri lidèchip nan prevansyon vyolans seksyèl atravè kolaborasyon, pataj ak kreyasyon resous epi yo fè pwomosyon rechèch.

**Rape, Abuse, & Incest National Network (RAINN) (Rezo Nasyonal sou Vyòl, Abi ak Ensès)**
Li se pi gwo òganizasyon nasyonal kont vyolans seksyèl ki ap fè prevansyon kont vyolans seksyèl, ede sivivan, epi asire moun ki komèt devan zak ale devan lajistis.

**Pathways for Change (Chemen pou chanjman)**
Sèvis sa la pou moun ki legalman avèg nan MA pandan l ap ba yo aksè ak opòtinite travay ak reyabilitasyon avèk objektif pou ogmante endepandans ak detèminasyon pèsonèl.

**The Network/La Red (Rezo a/La Red)**
Yon òganizasyon jistis sosyal moun ki sivivan ap dirije epi y ap travay pou kanbe nan mitan patnè ki lesbyèn, omoseksyèl, biseksyèl, transjan BDSM, poliyamou ak kominote queer yo.

# Espas pou Adorasyon

## Nan vil la

Church of Christ (Legliz Jezikri)
508-393-0761
northborococ.org
456 W. Main St

Church of the Nativity (Legliz Nativite)
508-393-3146
churchofthenativity.org
45 Howard St.

First Parish Church Unitarian (Premye Legliz Pawasyal Initaryèn)
508-393-6422
firstparishnorthboro.org
40 Church St.

Kingdom Hall of Jehovah's Witnesses (Sal Wayòm Temwen Jewova)
508-393-1339
419 Main St.

Rice Memorial Baptist Church (Legliz Batis Rice Memorial)
508-393-3481
ricebaptistchurch.org
85 Lincoln St.

St. Bernadette Parish (Pawas Sent Bènadèt)
508-393-2838
stb-parish.org
266 Main St.

St. Rose of Lima Parish (Pawas Sent woz De Lima)
508-393-2413
saintroseoflima.org
244 W. Main St.

Seventh-Day Adventist Church (Legliz Advantis Setyèm Jou)
508-363-6577
northborosda.org
30 Brigham St.

Sri Shirdi Sai Baba Temple (Tanp Sri Shirdi Sai Baba)
774-276-9724
shrigurusthan.com
107 Otis St.

Shri Radha Krishna Mandir
617-669-0709
shreeradhakrishna.org
155 Otis St.

Trinity Church (Legliz Trinite)
508-393-8156
trinitynorthborough.org
23 Main St.

Unity of Central MA (Inite nan Santral Massachusetts)
508-691-6966
unityofcentralma.org
386 W. Main St. Unit #4

# Espas pou Adorasyon

## Lòt espas legliz ki prè Northborough

Chapel of the Cross (Chapèl Lakwa)

508-870-0001
chapelcares.com
160 Flanders Rd., Westborough

Temple Emanuel (Tanp Emanuel)
508-485-7565
templeemanuelma.org
150 Berlin Rd., Marlborough

Beth Tikvah Synagogue (Sinagòg Beth Tikvah)
508-616-9037
bethtikvahsynagogue.org
30 Oak St., Westborough

Congregation B'Nai Shalom (Kongregasyon B'Nai Shalom)
508-366-7191
cbnaishalom.org
117 E. Main St., Westborough

Chinese Gospel Church (Legliz Gospèl Chinwa)
508-229-2299
cgcm.org/lifelight
60 Turnpike Rd., Southborough

Boroughs Islamic Society (Sosyete Islamik Boroughs)
508-381-9504
boroughsislamicsociety.com
182 Turnpike Rd #95, Westborough

First Congregational Church (Premye Legliz Kongreganis)
508-845-7286
fccsm.org
19 Church Rd., Shrewsbury

## Evènman ki fèt chak ane nan Northborough

J A N V Y E
Dejene Nouvèl An Senior Center (Sant pou Moun Aje0

F E V R I Y E
Semèn Jantiyès
AARP Tax Prep nan Sant pou Moun Aje
Dat Limit pou taks Imobilye

M A S
Semèn Byennèt
Kòmansman Klas Prentan Rec

Mwa Nitrisyon
AARP Tax Prep nan Sant pou Moun Aje

A V R I L
AARP Tax Prep nan Sant pou Moun Aje
Patch pou Mwa Sansibilizasyon Kont Otis
Fen Pwogran Èd pou Gaz FYS
Reyinyon Anyèl Vil la

M E
Jounen Mach nan Lekòl
Netwayaj nan Tout Vil la
Sansibilizasyon pou Sante Mantal
Kòlek Anyèl Sakado
Take It or Leave It Day (Pran l oswa Kite l)
Dat Limit pou taks Imobilye
Eleksyon Vil la

J E N
Lansman "Be Well" (Rete an sante) pou Ete a
Lekti Ete nan Bibliyotèk
Kòmansman Klas Ete Rec
Festival Kilti

J I Y È
Babekyou Ete pou Moun ki Aje
Lekti Ete nan Bibliyotèk

O U T
Sware Kote Polis Nasyonal la Deyò
Enskri pou Resevwa Alèt Code RED
Dat Limit pou taks Imobilye

S E P T A N M
AppleFest
Mwa pou enskri pou Kad Bibliyotèk
Kòmansman Klas Otòn Rec

O K T Ò B
Jounen Mach nan Lekòl
Kay Ante nan Bibliyotèk
Trunk-or-Treat nan Sant pou Moun Aje
Patch Polis la pou Sansibilizasyon Kont Kansè nan Tete
Kòlekte Kat Kado pou "Making Seasons Bright" (Fè Sezon an Bèl)
Jounen Dechè Chimik Danjere

N O V A N M

Kòmansman Pwogran Èd pou Gaz FYS
Pwogram Don pou Fèt Fen Ane a
Dejene pou Jounen Veteran nan Sant pou Moun Aje
Dat Limit pou taks Imobilye

D E S A N M
Kòmansman Klas Ivè Rec
Evènman Vakans Vil la
Pwogram Lapolis la pou Repran Zam yo

# Rete Enfòme

Enskri pou resevwa nouvèl ak anons sou Vil Northborough, epi pou w kapab toujou jwenn mizajou regilye sou reyinyon, anons, evènman ak plis toujou.

## Depatman Bilten Enfòmasyon Vil la

**Lwazi**
Bilten enfòmasyon elektwonik chak wikenn ki gen enfòmasyon sou kou pou tout laj.
northboroughma.myrec.com

**Jesyon Ijans ak Sekou pou Dife**
Sui nou sou Facebook, X, oswa Instagram, oswa enskri pou resevwa alèt ijans CodeRED.
town.northborough.ma.us/fire-rescue emergency-management

**Bibliyotèk**
Bilten enfòmasyon elektwonik ki gen rapèl evènman k ap gen pou fèt pou tout laj, nouvo sèvis ak plis toujou.
northboroughlibrary.org

**Sant pou Moun Aje**
Suiv nou sou Facebook pou jwenn mizajou regilye. Nou voye yon bilten enfòmasyon ki enprime chak mwa bay rezidan ki gen plis pase 65 lane chak mwa.
town.northborough.ma.us/senior-center

**Mizajou sou lekòl (Pou paran yo)**
Vin manm youn (1) oswa plis gwoup kominote ki soti nan Lekòl Piblik Northborough ak Southborough.
http://bit.ly/nsboroschoolnews

**Gid pou Evènman nan Kominote Northborough**
Bilten enfòmasyon elektwonik ki gen evènman ak anons ki soti nan gwoup Northborough. Se Bibliyotèk Northborough k ap jere l.
northboroughguide.com

# Resous Anplis

Findhelp.org
Pou jwenn resous lokal anplis ki pa site nan gid sa tankou atik pou tibebe, rad, atik pou kay, enfòmasyon sou dwa travayè, elatriye, tanpri ale sou findhelp.org epi mete kòd postal ou. Sit entènèt la disponib nan plizyè lang.

Aprann plis
Pou w gen aksè ak enfòmasyon fyab epi ki gen otorite sou kesyon medikal, sante, oswa sijè byennèt, vizite paj Ressous Sante a ki sou sit entènèt bibliyotèk la nan www.northboroughlibrary.org. Resous yo disponib san ou pa bezwen kat bibliyotèk

Northborough Free Library (Bibliyotèk Gratis nan Northborough)
34 Main St.
Northborough, MA 01532
508-393-5025

Lè Northborough Free Library (Bibliyotèk Gratis nan Northborough) fonksyone
Lendi rive mèkredi soti 9:30am pou rive 8pm
Jedi pou rive samdi
9:30am pou rive 5pm